STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou piblikasyon imedyat: 11 novanm 2012

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOUVO SÈVIS MTA KAP RANPLASE SEKSYON LIY SOBWE KI KRAZE

Sèvis "A" Restore nan Stasyon Howard Beach

Navèt otobis Pral Ranplase Pòsyon Liy"A" Siklòn te Kraze

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a Metropolitan Transportation Authority (MTA) pral reprann sèvis sou Liy sobwe A nan Howard Beach epi kòmanse yon navèt otobis Mott Avni nan Far Rockaway, lap restore sèvis pou plizyè milye rezidan Penensil Rockaway a ki pèdi aksè ak transpò piblik Sapre Siklòn Sandy.

"Tanpèt sa te frape moun nan Penensil Rockaway yo patikilyèman fò, restore sèvis transpò nan yo ak nan Howard Beach se yon priyorite pou administrasyon m lan," te deklare Gouvènè Cuomo. "Konbinezon sèvis sobwe ak otobis sa pral bay yon soulajman imedya nan transpò pandan rekonstriksyon tout sistèm lan."

Sèvis sou liy A nan Howard Beach ak navèt otobis la soti la pou rive Mott Avni nan Far Rockaway pral kòmanse Dimanch, 11 Novanm. Tren A sikile nòmalman sou Mott Avni nan Far Rockaway al sou Lefferts Boulevard, men aktyèlman se sou Lefferts l ale sèlman. Yon fwa sèvis nan Howard Beach restore, sèvis la pral yon lòt fwa koupe amwatye pou ale nan Howard Beach.

Navèt otobis la ap rete anplas jiskaske Pon North Channel ki te sibi gwo gwo domaj sou Broad Channel ranplase. Pon an te anba dlo pandan siklòn lan epi kèk seksyon nan vwa yo te ale nèt. Foto domaj yo disponib sou paj Flickr MTA nan
http://www.flickr.com/photos/mtaphotos/sets/72157631921471055/

"Domaj nan liy A nan Jamaica Bay se bagay ki pa janm te wè anvan, repons MTA ap menm jan," te deklare Prezidan ak Dirèktè MTA Joseph J. Lhota. "Restorasyon tout tren A ap pran plizyè mwa, men MTA angaje l pou fè l epi pou bay kliyan yo lòt opsyon antretan."

Lè sèvis A restore nan Howard Beach epi navèt otobis konekte l sou Mott Avni nan Far Rockaway, kliyan kap soti nan Penensil Rockaway ap gen plizyè opsyon pou yo vwayaje.

Haitian Creole

- Apati Mott Avni nan Far Rockaway, liy regilye Q22 opere sou Roxbury.
- Apati stasyon A Rockaway Boulva, sèvis otobis regilye ak stop limite opere sou Rockaway Park-Beach 116 Street, ak tou sèvis Q52 sou Arverne-Beach 69 Street.
- Apati stasyon Brooklyn College/Flatbush Avni sou tren 2 ak 5 yo, sèvis Q35 regiye opere sou Rockaway Park-Beach 116 Street.
- Apati stasyon Parsons-Archer nan Jamaica sou tren E, J ak Z, sèvis Q113 regilye ak stop limite opere sou Mott Avni nan Far Rockaway ak Seagirt Boulva.

Pou jwenn dènye enfòmasyon sou vwayaj MTA, tanpri rantre nan mta.info epi chèche pou mizajou espesyal Rockaway, itilize TripPlanner+ sou mta.info ouben rele 511.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

Haitian Creole